



Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TOUT APLIKAN KI KALIFYE YO PRAL RESEVWA ÈD APRE INONDASYON LAK ONTARIO AK RIVYÈ ST. LAWRENCE

*L ap ofri mèt kay yo, ti biznis yo, fèm yo, òganizasyon ki pa gen bi fè pwofi yo, ak gouvènman lokal yo asistans vital*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse tout aplikan ki kalifye yo ap resevwa èd pou dega materyèl ki gen pou wè dirèkteman avèk inondasyon istorik Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence. Pwogram leta yo ap kontinye ofri asistans enpòtan bay pwopriyetè kay yo, ti biznis, fèm, òganizasyon non-komèsyal, asosyasyon mèt kay yo, pwopriyetè plizyè abitasyon, ak gouvènman lokal inondasyon an te touche.

“Pandan kominote yo ap reprann tèt yo apre devastasyon inondasyon sa a te pote pandan ete an, mwen pran angajman pou ede chak moun New York, ki te touche, pou yo leve atè a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Gras a finansman sa a, n ap asire tout moun resevwa èd yo bezwen pandan kominote Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo ap travay pou rebati e vin menm pi djanm pase anvan.”

Pou mèt kay ki touche, yon lejislasyon yo te mete sou pye an jiyè ogmante finansman maksimòm nan, sòti 40,000 dola rive 50,000 dola, epi li te etann elijibilite a pou ajoute tout mèt kay prensipal yo, epitou mèt kay segondè ki gen revni jiska 275,000 dola. Asistans pwogram nan pral ranbouse mèt kay yo pou pèt ki elijib, sa gen ladan reparasyon ak restorasyon estrikti, ekipman, ak lòt dega materyèl. Se òganizasyon lojman ki pa gen bi fè pwofi epi k ap chèche ede mèt kay inondasyon an touche k ap administre pwogram nan.

Ti biznis, fèm, asosyasyon mèt kay, ak òganizasyon ki pa pou pwofi, ki te sibi dega materyèl ki gen pou wè dirèkteman avèk inondasyon an, ap elijib pou yo resevwa jiska 50,000 dola nan pwogram sa a, epi pwopriyetè plizyè lojman yo ap elijib pou resevwa jiska 20,000 dola. Yo kalkile asistans pwogram nan a 50 pousan pèt ki elijib la, pou konpanse antite ki elijib yo, pou reparasyon ak restorasyon estrikti, ekipman, ak lòt dega materyèl ak deklen nan revni ki depase 15 pousan poutèt biznis ki fèmen oswa redwi. Se Empire State Development k ap administre pwogram nan.

Konte, vil, ti vil, vilaj ak distri espesyal ki te sibi dega materyèl ki gen pou wè dirèkteman avèk inondasyon an, elijib tou pou yo resevwa jiska 1,000,000 dola pou reparasyon ak restorasyon enfracstrikti ak sistèm minisipal yo ak jiska 500,000 dola pou

atenyasyon inondasyon, konstriksyon mezi rezistans, oswa pwojè kontwòl inondasyon. Se Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal) k ap administre pwogram nan.

Lè yo te mete pwogram nan sou pye, yo te bay 45 milyon dola pou twa kategori sa yo. Baze sou repons nou resevwa adat, li posib y ap bezwen plis lajan, e atravè pwosesis Bidjè Egzekitif la (Executive Budget), Eta a pran angajman pou l garanti tout aplikasyon ki kalifye yo pral resevwa èd.

**Senatè Patty Ritchie te deklare,** “Pandan plizyè mwa, mwen te vizite e pale ak moun ki te pèdi kay primè ak segondè yo, avèk biznis yo, poutèt inondasyon san parèy olon Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence. Lè li te vin klè demann pou èd la te depase sa ki te disponib, mwen te fè li tounen yon priyorite pou fè tout sa mwen te kapab pou moun ki te kalifye pou soutyen resevwa li. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè an poutèt li rekonèt enpòtans pou bay tout moun ki kalifye resous yo bezwen pou rebati. Mwen rete angaje pou m kontinye travay mwen pou tout moun ki touche kapab refè konplètman.”

**Senatè Pam Helming te deklare,** “Mwen te reyèlman fyè pou m te alatèt jefò pou pase lejislasyon ki te kreye Pwogram Redrèsman apre Inondasyon Lak Ontario (Lake Ontario Flood Recovery Program) pou pote èd ki te nesèsè anpil bay moun ki inondasyon istorik la te touche pi bonè ane sa a. Mwen pi fyè toujou dèske y ap pran ka tout aplikasyon pou sibvansyon, pou redrèsman ak reparasyon apre inondasyon, pou mèt kay nou yo kapab repare, rebati, e reprann vi nòmal yo. Sa se yon gwo etap pou rezidan nou yo vanse pou pi devan nan konte Monroe, Wayne, ak Cayuga, apre yo sibi gwo pèt ak domaj nan kay yo. Gen yon diferans, sepandan, ant moun ki apwouve ak moun ki resevwa lajan an. Pwochen etap enpòtan an se transfere lajan an al jwenn mèt kay yo leplivit posib pou yo ka kontinye ak jefò redrèsman e pwoteje kay yo anvan lanèj kòmanse tonbe.”

**Lidè Majorite Asanble a Joseph D. Morelle te deklare,** “Gouvènè Cuomo montre sa san rete: New York ap toujou la pou soutni fanmi ak moun ki nan bezwen, e mwen gen anpil rekonesans anvè li poutèt li pote èd enpòtan sa a pandan kominote nou an ap kontinye jefò redrèsman li yo. Lajan anplis sa a pral soutni tou 45 milyon dola lejislasyon an te garanti e ke mwen te fyè patwone osen Asanble a, epi finalman, l ap asire anpil mèt kay ak biznis inondasyon an te touche sezon sa a, kapab rebati pi vit e pi djanm pase anvan.”

**Manm Asanble Addie Jenne te di,** “Mwen apresye lefètke gouvènè an konprann devastasyon inondasyon sa a pote pandan sezon prentan ki sot pase a, se yon pwoblèm jiska prezan pou kominote ki touche yo, e l ap toujou yon pwoblèm pou plizyè ane k ap vini yo. Rezidan yo ak biznis yo ap toujou gen difikilte pou reprann tèt yo, e lòt finansman nan bidjè ane pwochè lan ap ede pran ka pwoblèm konplèks kominote yo kontinye afwonte.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418